копия верна

Директор

Джамалдинова М. Ю.

*Методическая разработка внеклассного занятия, посвящённого Дню чеченского языка*

# Хаарийн бlов

**«Башня знаний»** (интеллектуальная игра)

**Разработала и провела:**
***учительница чеченского языка и литературы***
***Баймурзаева Аминат Висрадиновна***

Scanned with ACE Scanner

*Методическая разработка внеклассного занятия, посвящённого Дню чеченского языка*

# Хаарийн бІов

## «Башня знаний» (интеллектуальная игра)

**Разработала и провела:**
***учительница чеченского языка и литературы***
***Баймурзаева Аминат Висрадиновна***

**Іалашо:** Нохчийн матте болу безам кхиор а, чІагІбар а.

**ГӀирс:** плакат, бӀаьвнаш, сахьт (гӀуман), магнитофон, диск.

**I** Буьйцучу маттаций бен цхьа а хӀума дийца йиш яц вайн. Историх, арифметиках, литературах, грамматиках, физиках - доцца аьлча, цхьана а хӀуманах лаьцна хӀумма а ала а, дийца а адамийн таро хир яцара, буьйцуш болу аьзнийн мотт ца хилча.

Мотт вайн ойланан а, кхетаман а, хьекъалан а, дахаран а уггаре а ца хилча йиш йоцу гӀирс бу. Иза хьекъалан а, ойланан а хазна ю. ХӀора халкъан а ненан мотт - цуьнан дахаран хазна ю.

Ненан мотт хӀора къоман а, хӀора халкъан а культуран бух бу. Иза кӀорггера дика Ӏамор вайн декхар ду. Яздархо К.Паустовскийс нийса яздина ненан маттах лаьцна ша аьлла дешнаш: «ХӀора стеган а шен маттаца йолчу юкъаметтиге хьаьжжина, цуьнан культуран барам къастийна ца Ӏаш, цуьнан граждански мехалла а кхоччуш нийса къасто мегар ду.

Шен махке болу бакъ безам шен матте бацахь маьӀна долуш бац.

Мотт вай Ӏама а бо, дахаран тӀаьххьара денош тӀекхаччалц саццаза Ӏамо декхар а ду…»

**II** Нохчийн шира бӀаьвнаш чӀогӀачу меттехь ян йолош хилла. И меттиг мел чӀогӀа елахь а, **ларма** еш хилла ор доккхий (ялта Ӏалащдан).Цул лакхахь – **кхай** (божал чохь кхаба). Цул лакхахь – **коьрта цӀа** (доьзал чохь Ӏа цӀа), цу чохь кхерч хилла.Цул лакхахь - кхоъ **сов цӀа** (хьеший тӀеоьцуш хилла). Цул лакхахь – **теман цӀа**

(хехой Ӏаш хилла, гонаха тергам беш). Цул лакхахь тхов хилла – **чарх.**

Чархана тӀе буьллуш хилла боккха тӀулг – **цӀурко.** Цхьана шарахь йина валадезаш хилла бӀов, нагахь йина ца довлахь йохо езаш хилла

и. Бlов йина девлла де даздеш хилла.





**III Стихотворени «Бlаьвнаш»** юьйцу Эльдарбиев Мохьмада а, Хадаева Лианас а.

*Кусаев I. Дж.*

## БІАЬВНАШ

Шира бIаьвнаш,
Хийла гина бIаьвнаш.
Малхо, махо аьгна
ДогIмаш шун.
Пхерчий, хIоьънаш
ТIулгех летта бIеннаш –
Моьнех суна тарло
ХIор а шу!
Шога бIаьвнаш,
Шуна гина хийла
МостагIчо йитина
Къиза ларш,
Байлахь дисна бераш
Доьлхуш гIийла,
Тийжаш бенаш даьгна
Олхазарш.
Къоьжа бIаьвнаш,
Мехкан ха деш лаьтташ,
Маршо аша майра ларйина.
Шун тешаме гIоьнчий
Хилла лаьмнаш –
Цара шайх шун
Онда лард йина!
Шух хьирчина,
Юкъахдохуш гIенаш.
Моьнаш дуьтуш,
Детташ пхерчий, тIо,
Чингис-Ханан эскаран
ТулгIенаш,
АстагIчу Тимуран
Къиза бIо.
Шира бIаьвнаш,
Шуна гира тIаккха,
Iуьйре санна,
Йогу байракхаш.
Адмаш гIовттуш
Сирла маршо яккха
Колхозашкахь
Цхьаьна охуш кхаш.
БIешерашкахь
Ламанхоша лехнарг –
Ирсе дахар,
Тешар кханенах –
Карийна, дай хилла

Шаьш-шайн мехкан,
Баха ховшуш
Гира шуна нах.
Эшац царна шуна чохь
дӀалечкъа,
МостагӀашца леташ,
Іенош цӀий,
Махкахь тахна
Адамаш ца леткъа,
Массанхьа бу
ДоттагӀий.

Корсамаша [1] тӀулгаш
Кхаьлла бӀаьвнаш.
Лаьмнийн бердаш
Андий лардаш ю...
Шуьга хьовса
Адмаш догӀу бӀеннаш –
Уьш машаре хьеший
Тахна бу.

**IV Хlора командин тхьамда, цlе, кхайкхам.**

Нийса деллачу жоьпана тlулг тlебилла бакъо ло. Бlов лакхаяьлларг тоьлу.

**1. Хьалхара го «Исторех лаьцна»**

а) муьлхачу шарахь вайнах сибрех бахийтина (23 февраль 1944 шо)

б) муьлхачу шарахь сибрера цlа бан бакъо елла ( 1957 шо)

**2. Рогlера го «Гlиллакх-оьздангалла»**

а) нускал далош лелош долу гlиллакхаш (дийца)

б) тезетехь лелош долу гlиллакхаш (дийца)

**3. Рогlера го «Нохчийн фольклор»**

Вайнехан халкъан барта кхолларалла хилла д1ах1оьттина зама хууш яц. Иза кхоллаелла йоза а, йозанан литература а кхиале дуккха а хьалха. Геннарчу ширачу заманахь дуьйна тайп-тайпана чулацам а, к1орггера маь1на а долу исбаьхьа барта произведенеш кхуллуш схьадеана вайн халкъ.

Коьрта долчу декъана цу юкъа дог1у: туьйранаш, иллеш, эшарш,

наьрт-эрстхойх долу дийцарш, х1етал-метталш, кицанаш. Халкъан барта кхолларалин доккха маь1на ду. Ширачу заманахь иза барта кхуллуш хилла халкъана юкъара схьабевллачу дешан говзанчаша. Йоза цахиларе терра, цхьана стагера кхечуьнга а йовлий, х1ораммо шеггара хийца а хуьйцуш, т1етохарца хаз а йой, т1аьхьенера т1аьхьене а йовлуш, халкъан барта кхоллаpалла а хуьлий д1ах1уьттуш хилла халкъо ша кхоьллина произведенеш. Заманца уьш т1етт1а к1арглуш, хазлуш, ирлуш, исбаьхьаллин кепе йоьрзуш хилла.

**Муьлха туьйранна тlера ю кийсак**

а) Хез-хезаш д1ахезира и г1уллакх хьалха юххерчу, т1аккха генарчу ярташкарчу нахана. Схьаэха бевлира нах, ц1ен олхазар дохка шайна бохуш, дехарш деш. Амма баккхийчу наха ца духкура шайна дукхадезаделла олхазар. Тlаьххьара а д1ахезира и махкана т1евиллина волчу цхьана воккхачу элана. (**«Тамашийна олхазар» )**

**Муьлха туьйранна тlера ю кийсак**

б) Хьаьдда баханчу 1ахаро лууларчу жен ж1аьле шен бала ма-барра д1а а бийцина, шена г1оьнна даг1ахьара хьо аьлла, дехар дина. Ж1аьла, реза а хилла, 1ахар бежаш лелачу метте деана. Цигахь 1ахарца къайлах барт а бина, шовданна уллорчу куллах доьлла д1алечкъина ж1аьла. (**«Барзо lахарца мохк къовсар»)**

4. **«Нохчийн мотт» цlе йолу го. Дешнийн маьlна**

а) **ИСТАНГ** - (истанган, истангана, истанго, истангаца, д. т. истангаш) - батийначу т1ерг1ах куц доккхуш бина куз.

б) **БАШЛАКХ** - (башлакхан, башлакхна, башлакхо, башлакх- ца, д. т. башлакхаш) - шийлачу хенахь, белш д1алоцуш коьрта туьллу к1адийнан куй.

5. **Рогlера го «Нохчийн литература»**

а) I. Гайсултановн дахарх а, кхоллараллех а лаьцна дийцар

б) С. Яшуркаевн дахарх а, кхоллараллех а лаьцна дийцар

**6. РогIера го «Кицанаш»**

Кицанаш - кхетам луш долу доций аларш ду. Цара гойту адамийн хьекъал а, дахаран бакъдерг а. Адамийн дахарехь зеделларг довзуьйтуш а, гойтуш а кхоьллина халкъо кицанаш. Кицанаша дуьйцу адамо шен дахарехь тидаме эцна, ойла йина, цуьнан лаам хилла г1уллакх. Кхетам баларца цхьаьна, цара хиламан а, х1уманан а мах а хадабо, жам1 а до. Кицанаша хестайо адамийн дика амал а, г1иллакх-оьздангалла а, хестадо тешаме хилар а, адамалла йолуш къинхетаме хилар а, цуьнца цхьаьна адамийн сакхташ а, вон амалш а емалйо, сийсаз а йо. Кицанаш тайп-тайпана хуьлу: Даймахках а, къинхьегамах а, доттаг1аллех а, дахаран тайп - тайпанчу хиламех а, зеделлачу а, дикачу а, вочу а адамех лаьцна а.

а) Дика кIант – гIала, вон кIант – бала (маьIна)

б) Аьхка – мало, Iай – хало (маьIна)

**7. РогIера го «Фразеологизмаш»**

ХIора мотт хазбо фразеологизмаша.

а) Ша бадийна воьду – бохург хIун ду

б) Куьйгаш тIехь лелаво – бохург хIун ду

**8. РогIера го «ХIетал – металш»**

Дуккха а б1ешераш хьалха кхоьллина халкъо х1етал-металш а. Уьш

а, туьйранаш санна, цхьаммо вукхуьнга барта дийцарца таханлерчу дийне схьадеъна. Х1етал-металш к1оргггерчу ойланца, х1илланца жоп гойтуш х1иттийна.

а) -Х1етал-метал хаийла шуна: хина т1ай, некъана накъост. **(Говр)**

-Х1етал-метал хаийла шуна: ког - ц1а чохь, корта - арахь. **(Хьостам)**

- Х1етал-метал хаийла шуна: гуттар а лесташ доьду и, амма цкъа а д1а ца кхочу и. **(Ага)**

б) -Х1етал-метал хаийла шуна: даима стигал хьала хьоьжург. **(Туьнталг)**

-Х1етал-метал хаийла шуна: некъал дехьа- сехьа веха ши ваша.**(Бlаьргаш)**

-Х1етал-метал хаийла шуна: сих-сиха т1етт1а боьду ши берд. **(Балдаш )**

**9. Стихотворени юьйцу, цlурко тlулг тlе буьллу.**


